

KAWRUH KASAMPURNANING NGAURIP SAJRONING *NASKAH NGILMU KASIDAN*

Wahyu Panca Okta Hendrawan

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, Unesa, (wahyu.panca@yahoo..co.id)

Abstrak

Sesorah minangka salah sawijining seni sajroning nindakake tuturan. Lelandhesane pamawas kasebut, yaiku sajroning sesorah tinemu sawijining esensi kaendahan lumantar wewujudan tata rakiting tembung-tembunge lan tata carane sajroning nindakake. Teks-teks utawa naskah sesorah akeh jinise lan bisa tinemu ing papan-papan tartamtu sajroning bebrayan agung iki. Salah sijine naskah sesorah kang dadi objeke panliti, yaiku *Naskah Ngilmu Kasidan*. Reriptan sastra kasebut pinilih dening panliti dadi objeke panliten iki kanthi saperangan kaluwihan. *Naskah Ngilmu Kasidan* diripta dening Ng. Hadi Wiyata ing taun 1936. Manut katrangan ing samak, *Naskah Ngilmu Kasidan* diwetokake dening *Electrische Drukkerij lan Boekhandel A.B. Sitti Sjamsijah* ing kutha Solo kanthi kandel 123 kaca. Saliyane dicetak kanthi wujud buku, uga tau disiyarake dening radio Zender Radio Solo. *Naskah Ngilmu Kasidan* wujude iku minangka naskah sesorah kang ngandhut kawruh ngenani ngelmu kasidan sajroning agama Islam.

Underan sajroning panliten iki kaya mangkene. (1) Kepriye wujud pamilihing tembung sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan*. (2) Kepriye wujud lelawaning basa sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan*. (3) Kepriye wewujudaning struktur sesorah sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan*. (4) Kepriye kawruh kasampurnaning ngaurip sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan*.

Panliten kang ditindakake kanthi objek *Naskah Ngilmu Kasidan* iku asipat *kualitatif* lan nggunakake pamarekan *stilistik*. Metode kang digunakake sajroning pangumpulan data, yaiku *dokumentasi*. Metode analisis data, yaiku *heuristik* lan *hermeneutik* minangka cara pamacane reriptan sastra. Teori kang kawawas trep kanggo nindakake panliten iki yaiku struktur reriptan sastra kang dijumbuhake karo wujude sesorah. Datane panliten iki awujud pethikan-pethikan ukara lan perangan tembang macapat uga pustaka.

Panliten iki nuduhake asil yen *Naskah Ngilmu Kasidan* iku kedadeyan saka sepuluh perangan kang ngemot kawruh kasampurnaning ngaurip. Pamilihing tembung kang digunakake sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan* iku maneka warna, kayata manut ngelmu basa tinemu tembung aran, tembung kriya, tembung watak (kahanan), lan tembung sesulih, dene miturut kasusastran tinemu tembung entar, tembung saroja, lan tembung garba. Sakabehing pamilihing tembung mau gegayutan karo kawruh kasampurnaning ngaurip. Lelewanning basa kang tinemu sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan*, kayata bebasan, pepindhan, paribasan, sanepa, lan basa tembang. Saperangan gedhe peranganing *Naskah Ngilmu Kasidan* iku nggunakake struktur sesorah kanthi jangkep, nanging ana saperangan perangan kang ora nggunakake struktur sesorah kanthi jangkep, yaiku perangan eka makandheh. Kawruh kasampurnan sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan* iku dibedakake dadi rong jinis, yaiku kawruh kasampurnan nalika manungsa isih urip lan kawruh kasampurnan sawise manungsa mati. Kawruh kasampurnan nalika manungsa isih urip iku dumadi saka, (1) pamawase manungsa tumrap pati; (2) pacoban kang dadi pangrencanuning urip; (3) carane luwar saka coba pangrencana; (4) lelaraning ati; (5) kahanane pungkasaning uripe manungsa; (6) lelandhesan hukum sajroning agama Islam; lan (7) piwulang werna-werna. Kawruh kasampurnan sawise manungsa mati, kayata (1) bedane matining manungsa lan sato kewan; (2) lelakoning manungsa sawise mati; (3) kahanane dina bangas; (4) jinising dina kiyamat; (5) kahanane dina wawales utawa hisab; lan (6) jinising wewalesing pangeran marang manungsa.

Tembung-tembung baku: *Naskah Ngilmu Kasidan*. pamilihing tembung, lelewanning basa, struktur sesorah, lan kawruh kasampurnan.

A. PURWAKA

Sesorah minangka salah sawijining seni sajroning nindakake tuturan. Lelandhesane pamawas kasebut, yaiku sajroning sesorah tinemu sawijining esensi kaendahan lumantar wewujudan tata rakiting tembung-tembunge lan tata carane sajroning nindakake. Sesorah, yaiku wicara ing ngarepe wong akeh kanggo ngaturake pikiran utawa gagasan marang pamriksa kang diaturake sajroning kahanan formal utawa ora formal kanthi rinakite tembung-tembunge kanthi cara sistematis nggunakake basa lisan minangka wadah utama, sarta nduweni tujuwan

menehi kawruh utawa pawarta kanggo menehi daya pangaribawa marang pamriksa supaya nindakake pangajake pamicara kanthi suka lila (basando.blogspot.com, diunduh Kemis, 23 Januari 2014, jam 22.00). Tegese sesorah mau nuduhake yen sesorah iku ora bisa ditindakake kanthi ninggalake wewaton lan ora saben wong bisa nindakake sesorah kanthi becik.

Sesorah minangka wujud nuduhake dhiri tumrap sawijining paraga ing ngarepe pamriksa kanggo ngaturake isine ati utawa pikiran. Wujuding sesorah minangka jinising wicara pribadi nduweni maneka

warna jinise. Sesorah uga bisa bae ditindakake kanthi maneka warna cara, nanging uga perlu disiyapake tata rakite panyungsune. Isine sesorah perlu digatekake supaya bisa menehi daya pangaribawa tumrap pamriksa, kayata ngenani kahanane panguripan saben dina utawa aspak sosial (humaniora). Keraf (2005: 15) ngandharake, sastra humaniora yaiku sanjak-sanjak klasik, filsuf, ahli sejarah, ahli sesorah kang medharake ngenani panguripan lan nilai kamanungsan. Sesambungane sesorah saka kahanan kasebut bisa dingerten, yaiku saka isine sesorah kang lumrahe ngenani panguripan lan nilai kamanungsan iku diwedharake kanthi endah, saengut sinebut sastra humaniora.

Tujuwaning sesorah kang ditujokake kanggo menehi daya pangaribawa tumrap pamriksa iku kudu ditengenake. Sesorah minangka reription sastra bisa nduweni kalungguhan kang becik kanggo nyengkuyung tujuwan mau. Gozali ngandharake, reription sastra iku tinulis minangka asile reription kanthi unsur kaendahan, klebu unsur kang paling onja, sarta dituduhake kanthi tembung-tembung kang kagolong seni lan basa kang endah (Pradopo, 2007: 36). Pamawas kasebut njumbohake antarane reription sastra kang awujud geguritan lan sesorah. Kekarone padha-padha jinise reription sastra kang nengenake kaendahan sajroning pocapane. Bedane mung manggon marang wujude basa. Wewujudane geguritan luwih nggunakake basa kang cekak, nanging sesorah isih nggunakake basa kang longgar kaya panganggone basa saben dina.

Teks-teks utawa naskah sesorah akeh jinise lan bisa tinemu ing papan-papan tartamtu sajroning bebrayan agung iki. Ekadjati ngandharake, naskah iku minangka *dokumen* kang ngandhut pamikiran, pangrasa, lan kawruh sawijining bangsa (Subandiyah, 1998 :3). Salah sijine naskah sesorah kang dadi kawigatene panliti, yaiku Naskah Ngilmu Kasidan (sabanjure disebut NNK = Naskah Ngilmu Kasidan). NNK pinilih dening panliti dadi objeke panliten iki kanthi saperangan kaluwihan. NNK diripta dening Ng. Hadi Wiyata ing taun 1936. Manut katrangan ing sampul, NNK diwetokake dening *Electrische Drukkerij lan Boekhandel A.B. Sitti Sjamsijah* ing kutha Solo kanthi kandel 123 kaca. Saliyane dicetak kanthi wujud buku, uga tau disiyarake dening Zender Radio.

NNK wujude, yaiku naskah sesorah kang ngandhut kawruh ngenani ngelmu kasidan sajroning agama Islam kang minangka ngelmu sepuh. Kawruh ngenani mati sajroning NNK iku dadi kaunggulan naskah iki, amarga NNK ngrembug ngenani kawruh mati kang dadi pungkasane wong urip ing ngalam donya. Miturut Poerwadarminta (1937:299), mati iku tegese ilang nyawane utawa uripe. Kahanan mati iku ora bisa dicepetake utawa diundurake lan sakabehe kang urip iku bakal nemoni pati. Perkara iku laras karo ayat Al-Quran kang dipethik sajroning purwaka NNK, yaiku surat Ambiya' ayat 35. Ngelmu kasidan lan rerangken cara kanggo ngadhepi kasidan jati iku sajroning panliten iki sinebut kawruh

kasampurnaning ngaurip. Karepe kawruh kasampurnaning ngaurip, yaiku ngrembug tumindak becik lan ala ing ngalam donya kang menehi daya pangaribawa tumrap pungkasane urip lan nyritakake kahanane manungsa sawise mati. Sakabehe mau kadhudhah kanthi pangajab, supaya bisa dadi pepeling lan patuladhan tumrape para manungsa.

Pamarekan kang digunakake sajroning panliten iki, yaiku stolistika. Lelandhesan pamilihing pamarekan stolistika sajroning panliten "Kawruh Kasampurnaning Ngaurip sajroning *Naskah Ngilmu Kasidan*" iki, amarga sajroning NNK ngandhut pamilihing tembung, lelewanning basa, lan retorika kang narik kawigaten kanggo dititi. Kaya salumrahe reription sastra liyane, NNK uga ngandhut piwulang luhur, sajroning panliten iki sinebut kawruh kasampurnaning ngaurip. Kawruh iku arang-arang diwedharake sajroning reription sastra, mula bisa dadi titikan lan kaluwihan tumrap NNK yen katandhingake karo reription sastra liyane.

Telung unsur kang kuwat minangka titikan lan kaluwihane NNK, yaiku anane pamilihing tembung, lelewanning basa, lan retorika kang beda karo reription sastra liyane. Keraf (2005: 22) ngandharake, pamilihing tembung ora mung ngemungake tembung-tembung kang digunakake kanggo medharake gagasan, nanging nyakup *frascologi*, lelewanning basa, lan wedharan. Sejatiné lelewanning basa iku isih klebu utawa gumantung pamilihing tembung, nanging kanggo nggampangake pamawase pamaca becike dirembug dhewe. Lelewanning basa minangka wujud retorik, yaiku panganggone tetembungan sajroning wicara lan nulis kanggo nyakinake utawa ndayani pamiyarsa utawa pamaos (Tarigan, 1980: 5). Retorika uga minangka perangane pirembugan stolistika kang ora kalah wigati. Miturut Keraf (2005: 1), retorika tegese sawijining tetembungan tradisional kang digunakake kanggo ngarani sawijining teknik panganggone basa minangka seni kang didhasarake marang sawijining sesurunan kang kasungsun becik.

Pamilihing tembung, lelewanning basa, lan retorika diawas minangka fenomena basa sarta fenomena bebrayan. Telung tetembungan kasebut bisa diarani perkara kabasan kang ora bisa uwah saka kahanan sosial utawa bebrayan agung kang dadi papan dununge. Lumantar panliten tumrap NNK iki kaajab katelune bisa kadhudhah kanthi becik lan dadi sarana medharake kawruh kasampurnaning ngaurip, sarta bisa diwedharake kanggo nambahi pangrembakane ngelmu stolistika.

Panliten kang ditindakake tumrap NNK iki asipat kualitatif. Karepe saka panliten kualitatif, yaiku panliten sipat kang luwes lan nengenake marang lakune panliten, saengga menehi kalonggaran tumrap panliti saperlu ngowahi tata cara panlitene sajroning nindakake panliten. Metode pangumpuling data panliten iki, kayata dokumentasi lan angket. Metode kang digunakake sajroning analisis data ing panliten iki, yaiku

hermeneutika lan heuristik. Miturut Ratna (2009: 45) sajroning sastra lan filsafat, hermenyeutika disejajarake kanthi pamawas, pamahaman, *verstehen*, lan *retroaktif*. Teori kang kawawas trep kanggo nindakake panliten iki, yaiku struktur reriptan sastra kang dijumbuhake karo wujude sesorah.

Metodologi panliten kang digunakake sajroning panliten iki, kaajab bisa ndhudhah isi piwulange sajroning NNK kang diarani kawruh kasampurnaning ngaurip. Kawruh kasebut kawawas wigati banget tumrap laku uripe manungsa kang terus lumaku utawa sinebut sangkan paraning dumadi. Gegambaran sajroning NNK muga bae bisa dadi gegambaran nyata lan muwuhi sesurupan kang wis ana sajroning bebrayan agung.

B. METODE

Panliten kang ditindakake iki arupa panliten kualitatif. Miturut Moleong (2005: 6) panliten *kualitatif*, yaiku panliten kang nduweni tujuwan kanggo nyinaoni *fenomena* kang ditemoni dening *subjek* panliten, kayata *persepsi*, *motivasi*, tumindak, lan sapanunggalane kanthi cara *holistik* lan *deskriptif* sajroning wujud tembung-tembung lan basa mligi ing sawijining *konteks* kang asipat *alamiah* lan migunakake *metode alamiah*. Panliten *kualitatif* iki asipat luwes, saengga menehi kalonggaran tumrap panliti kanggo ngowahi tata cara panlitene.

Pamarekan kang digunakake kanggo nintingi objekting panliten iki, yaiku stilistika. Pamarekan kasebut digayutake karo bab-bab kang ditliti sajroning panliten iki, mligine kawruh kasampurnaning ngaurip. Carane nindakake panliten kang nggunakake pamarekan stilistika, yaiku kanthi mawas perkara-perkara unsur-unsur stilistikane. Peranganing reriptan sastra kang kena ditintingi kanthi pamarakan stilistika, yaiku pamilihing tembung, lelewanning basa, struktur retorika utawa sesorah.

Metode pangumpuling data panliten iki, yaiku dokumentasi. Metode dokumentasi digunakake sajroning, amarga panliten iki nggunakake objek arupa pustaka. Metode analisis data kang digunakake ing panliten iki, yaiku hermeneutik. Panggunaane metode hermeneutik sajroning panliten kanthi objek reriptan sastra tradisi iki kanthi ora langsung uga wis nglakoni pamakan kanthi cara heuristik. Pamacan kang kapisan nggunakake heuristik, dene pamacan kapindho nggunakake hermeneutik.

Panliten iki nggunakake teori struktur reriptan sastra kang digayutake karo konsep struktur sesorah. Teori lan konsep kasebut digunakake sajroning panliten iki minangka wujud metodologi panliten kang asipat praktis. Konsep struktur sesorah, yaiku (1) proem; (2) naratio; argument; (4) refutation; lan (5) epilogis.

Teknik analisis data sajroning panliten iki kaperang dadi limang trap-trapan. Kapisan, yaiku nindakake deskripsi naskah. Kapindho kang ditindakake, yaikuntingi pamilihing tembung. Katelu, yaiku nintingi lelewanning basa. Pungkasan, yaiku ngrembug wujude kawuh kasampurnaning ngaurip sajroning NNK.

C. ANDHARAN

Andharane asil panliten sajroning panliten iki, kayata (1) deskripsi naskah, (2) pamilihing tembung sajroning NNK, (3) lelewanning basa sajroning NNK, (4) retorika lan sesorah sajroning NNK, lan (5) struktur sesorah sajroning NNK. Jlentrehe perkara kasebut kaya mangkene.

1. Deskripsi Naskah Ngilmu Kasidan

Deskripsi naskah minangka trap-trapaning panliten kang sepisanan ditindakake tumrap panliten iki. Asiling panliten nuduhake yen irah-irahane reriptan sastra kang dadi objekting panliten iki, yaiku *Naskah Ngilmu Kasidan*. Reriptan sastra kasebut diripta dening Ng. Hadi Wiyata lan *Electrische Drukkerij lan Boekhandel A.B.* Sitti Sjamsijah ing kutha Solo taun 1936. Basa kang digunakake sajroning NNK, kayata basa Jawa *klasik*, basa Arab, basa Inggris, lan basa Landa. NNK minangka reriptan sastra tradisi kang nggunakake aksara Jawa, aksara Arab, lan aksara Latin. Kahanane NNK isih kagolong becik, nanging ana saperangan naskahe kang suwek. Pungkasan bisa ditengeri, yen NNK iki isine ngenani ngelmu kasidan lan sajroning panliten iki diarani kawruh kasampurnaning ngaurip.

2. Pamilihing Tembung sajroning Naskah Ngilmu Kasidan

Pamilihing tembung sajroning iku ditintingi manut ngelmu basa lan kasusastram Jawa. Miturut ngelmu basa pamilihing tembung sajroning NNK iku nuduhake asil kang nuduhake saperangan tembung kang nuduhake anane ngelmu kasampurnaning ngaurip. Jinising tembung kasebut, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung sesulih. Pamilihing tembung miturut kasusastran Jawa nuduhake asil kaya mangkene. Ana telung jinising pamilihing tembung kang nuduhake kawruh kasampurnaning ngaurip, yaiku tembung entar, tembung garba, lan tembung saroja. Rong perangan kang klebu sajroning pirembugan pamilihing tembung iku nuduhake utawa njurung marang trap-trapaning nintingi kawruh kasampurnaning ngaurip kang dumunung ing NNK.

3. Lelewanning Basa sajroning Naskah Ngilmu Kasidan

Lelewaning basa kang diandharake ing panliten iki mung wujude lelewaning basa kang ana sesambungane karo kawruh kasampurnaning ngaurip sajroning NNK. Ana limang jinis lelewaning basa kang klebu sajroning pirembungan iki. Lelewaning basa kasebut, kayata bebasan, pepindhan, paribasan, sanepan, lan basa tembang. Limang jinis lelewaning basa kasebut kawawas nduweni wujud kang mligi lan bisa menehi panjurung tumrap laku medharake kawruh kasampurnan sajroning NNK iki.

4. Struktur Sesorah sajroning Naskah Ngilmu Kasidan

Struktur sesorah kang ditintingi ing panliten iki nuduhake asil kang beda-beda, amarga NNK iku dumadi saka sepuluh perangan. Perangan eka makandheh nduweni struktur kang ora jangkep, yaiku mung tinemu perangan narratio, argumen, lan epilogos. Perangan dwi makandheh, tinemu jangkep struktur sesorahe. Perangan tri makandheh dumadi saka struktur sesorah kang jangkep. Struktur sesorah sajroning perangan catur makandheh uga tinemu jangkep. Panca makandheh kang ditintingi ing panliten iki uga dumadi saka struktur sesorah kang jangkep. Kahanane sad makandheh uga kaya mangkono, sawise katlti asile nuduhake dumadi saka struktur kang jangkep. Wujude sapta makandheh iku dumadi saka struktur kang jangkep. Astha makandheh sawise katintingi nuduhake asile kang jangkep, nanging ing perangan argumen diandharake kanthi wujud tembang macapat. Perangan nawa makandheh uga dumadi saka struktur sesorah kang jangkep. Perangan pungkasan (dasa makandheh) minangka perangan panutup sajroning NNK. Perangan kasebut dumadi saka struktur kang jangkep.

5. Kawruh Kasampurnaning Ngaurip sajroning Naskah Ngilmu Kasidan

Kawruh kasampurnaning ngaurip sajroning NNK iku kaperang dadi rong perangan, yaiku kawruh kasampurnaning nalika manungsa urip lan kawruh kasampurnan sawise manungsa mati. Kawruh kasampurnan nalika manungsa urip iku dumadi saka, (1) pamawase manungsa marang pati, yaiku wedi marang mati, anggege marang mati, lali marang mati, lan eling marang mati; (2) pacoban kang dadi pangrencananing urip; (3) carane luwar saka coba pangrencana; (4) werna-wernaning laraning ati, kayata riya', takabur, drengki, lan murka; (5) kahanan pungkasane uriping manungsa, yaiku becik pungkasan uripe (khusnul khatimah) lan ala pungkasan uripe (su'ul khatimah); (6) lelandhesan hukum sajroning agama Islam, dumadi saka wajib, kharam, sunat, makruh, mubah, batal, lan sah; sarta (7) piwulang werna-werna kang dumadi saka bab wektu, bab drajad,

bab Rasul, rukun iman, rukun Islam, lan limang perkara sadurunge lima. Kawruh kasampurnan sawise manungsa mati iku dumadi saka, (1) bedane matining manungsa lan sato kewan; (2) lelakoning manungsa sawise mati, yaiku ana pamawas manungsa banjur manitis, manungsa banjur manjanma, lan manungsa banjur tumimal; (3) kahaning dina bangas; (4) jinising dina kiyamat, kayata kiyamat sugra, kiyamat wusta, lan kiyamat kubra, (5) kahananing dina wewales utawa hisab; sarta (6) golonganing manungsa manut ngamal ibadahe nalika ing donya.

D. PANUTUP

Andharan kang pungkasan sajroning panliten iki, yaiku panutup. Isining panutup iku arupa dudutan lan pamrayoga. Dudutan iku minangka sari pathine andharan utawa isine panliten. Pamrayoga, yaiku peranganing andharan ing perangan isi kang ngemot gegambaran ngenani trap-trapan kang diwenehake tumrap panliti sabanjure lan pamaca.

1. Dudutan

Dudutan kang bisa kaandharake sajroning poanliten iki, yaiku ora adoh saka underaning panliten kang katlti ing panliten iki. Dudutan iki minangka piwangulan saka underaning panliten kang dirembug ing panliten iki. Wujude dudutan luwih ringkes, yen katandhingake karo wujude andharan ing bab IV. Cara ngandharake dudutan iki kanthi pamerang kang dilarasake karo underaning panliten.

Asiling panliten nuduhake yen irah-irahane reriptan sastra kang dadi objeking panliten iki, yaiku *Naskah Ngilmu Kasidan*. Reriptan sastra kasebut diripta dening Ng. Hadi Wiyata lan *Electrische Drukkerij lan Boekhandel A.B.* Sitti Sjamsijah ing kutha Solo taun 1936. Pamilihing tembung sajroning iku ditintingi manut ngelmu basa lan kasusastram Jawa. Jinising pamilihing tembung miturut ngelmu basa lan kasusastran Jawa, kayata tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, tembung sesulih, tembung entar, tembung garba, lan tembung saroja. Struktur sesorah kang ditintingi ing panliten iki nuduhake asil kang beda-beda, amarga NNK iku dumadi saka sepuluh perangan. Kawruh kasampurnaning ngaurip sajroning NNK iku kaperang dadi rong perangan, yaiku kawruh kasampurnaning nalika manungsa urip lan kawruh kasampurnan sawise manungsa mati.

2. Pamrayoga

Wujud pamrayoga kang bisa diwedharake kaya mangkene, (1) bebrayan agung minangka pandarbe reriptan sastra, klebu NNK iki sabisa-bisa kudu gelem njaga lan nyinaoni kanthi temen; (2) kawruh kasampurnan iku minangka sawijining ngelmu ing bebrayan Jawa becik

disinaoni kanthi temen lan disingkiri laku *dikotomi* (mbedak-bedakake) marang tataraning umur, amarga mati iku ora metung marang tataraning umu saengga sakabehing tataraning umur iku perlu mangerten i kautamane lan carane nggayuh kasampurnaning ngelmu; sarta (3) panliten kanthi objek NNK iki ditindakake nggunakake pamarekan stolistika kang kawawas durung sampurna, pramilia prayogane ditindakake panliten maneh kanthi pamarekan liyane kanggo njangkepi asiling panliten ngenani NNK. Pamrayoga-pamrayoga kasebut kaajab bisa menehi gegambaran tumrap pamaca lan panlit sabanjure, saengga jagading kasusastran Jawa bakal ngrembaka kanthi subur.

KAPUSTAKAN

- Affifuddin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pustaka Setia.
- Al-mundziri, Imam. 2012. *Ringkasan Shahih Muslim*. Bandung: Jabal.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Az-zabidi, Imam. 2012. *Ringkasan Shahih Bukhari*. Bandung: Jabal.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Presindo.
- Hadiwidjana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Yogyakarta: U. P. Indonesia.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak.
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa: Komposisi Lanjutan I*. Jakarta: PT gramedia Pustaka Utama.
- Kusmiati, Nurwula. 2013. “Aspek Semiotis sajroning Antologi Geguritan Alam Sawegung Anggitane Sudi Yatmana”. Skripsi S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Unesa (durung *diterbitake*). Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Luxemburg, Jan Van. Mieke Bal. Ian Willem G. Weststeijn. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nuryantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoektojo, S. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi.
- _____. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters' Uitgevers atau Maatchappij N.V. Groningen.
- _____. -. *Baoesastra Djawi-Indonesia*. Jakarta: Bale Poestaka.
- _____. 2011. *Baoesastra Kawi- Djarwa*. Jakarta: Bale Poestaka. (PDF).

- Pradopo, Rachmat Djoko. 2002. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2007. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setyodarmojo, Ikk. 2007. *Menggali Filsafat dan Budaya Jawa*. Jakarta: Prestasi Pustakaraya.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stolistika*. Jakarta: Pustaka Utama Graviti.
- Sugiyono. 2003. *Metode Penelitian Bisnis*. Bandung: Pusat Bahasa Depdiknas.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT Girimukti Pusaka.
- Usman, Nur Halimah. 2007. “Diksi dan Gaya Bahasa Syair-syair Lagu Pop Indonesia Pilihan; Kajian Stolistika. Skripsi S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Unesa (durung *diterbitake*). Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Wellek, Rene lan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.
- Wisnumurti, Rangkai. 2012. *Sangkan Parining Dumadi*. Yogyakarta: Diva Press.
- Wiyata, Hadi. 1936. *Ngilmu Kasidan*. Solo: *Electrische Drukkerij lan Boekhandel A.B. Sitti Sjamsijah*.
- Wulandari, Wahyu. 2012. “Pamilihing Tembung lan Lelewaning Basa sajroning Antologi Geguritan Ombak Wengi Anggitane Yusuf Susilo Hartono; Tintingan Stolistika. Skripsi S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Unesa (durung *diterbitake*). Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.